



Pou Piblikasyon Imedya: 03/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE KÒ LEJISLATIF LA POU LI KODIFYE AN LWA ETA YON DEKRÈ EGZEKITIF KI ETABLI YON PWOKIRÈ ESPEYAL NAN KA KOTE GEN POLISYE KI MELE NAN LANMÒ SIVIL**

Pi bonè jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande kò lejislatif la pou li kodifye [Dekrè Egzekitif](#) 2015 li an ki etabli yon pwokirè espesyal pou envestige ka lanmò sivil ki pa t ame kote gen polisye ki mele, an lwa eta. Bidjè Egzekitif Gouvènè a pou Ane Fiskal 2020 an te gen ladan lejislasyon pou kodifye Dekrè Egzekitif sa a epi amelyore responsabilite ak pwofesyonalis ajans fòs de lòd yo nan New York. Pwopozisyon sa a etabli yon Biwo Envestigasyon Espesyal (Office of Special Investigation) andedan Biwo Pwokirè Jeneral la (Office of the Attorney General) pou envestige epi, si sa nesèsè, pou suiv polisye nan ka kote fòs de lòd mele nan lanmò sivil ki pa t ame.

**VIDEYO** pou gade deklarasyon Gouvènè a disponib sou YouTube [isit la](#) epi nan fòm kalite Televizyon (h.264, mp4) [isit la](#).

**ODYO** pou tande deklarasyon Gouvènè a disponib [isit la](#).

*Yon transkripsyon rapid diskou Gouvènè a disponib pi ba a:*

Nou gen yon Dekrè Egzekitif sou move konduit lapolis, kote gras a Dekrè Egzekitif sa a mwen fè Pwokirè Jeneral la envestige move konduit polisye, si gen tire ki fèt epi moun nan pa ame, Dekrè Egzekitif sa a te yon mezi pwovizwa toutotan nou pa t adopte li kòm pwojè lwa toutbon. Yon dekrè egzekitif fèt pa otorite Gouvènè a, men li mouri ansanm ak Gouvènè a. Mwen tonbe, mwen fè yon kriz kè jodi a, li pa la ankò. Nou te sipoze adopte yon lwa ki t ap garanti yon pwokirè espesyal pou move konduit polisye. Sa pa janm fèt. Mwen pa pral kontinye fè sa pa Dekrè Egzekitif. Mwen vle yon biwo toutbon ki etabli avèk finansman toutbon ak ekspètiz toutbon. Donk, nou gen anpil travay pou fè.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)